



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DETAY SOU KONSEKANS OGMANTASYON SALÈ MINIMÒM SOU TRAVAYÈ NEW YORK YO ANSANM AVÈK EKONOMI AN

1.35 Milyon travayè pral fè eksperyans salè ki pi elve; \$3.4 milya dola nan valè ekonomik dirèk nan tout Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te detaye enpak yo prevwa pou ogmantasyon yon salè minimòm soti nan \$8.75 a \$10.50 ki pwopoze nan tout eta ak \$11.50 nan Vil New York. An total, plis pase 1.35 travayè pral eksperimente yon ogmantasyon nan salè nan tout eta, avèk majorite benefis yo prale jwenn adilt ak fi yo. Valè ekonomik dirèk toupatou nan eta kòm rezilta salè ki pi elve se apeprè \$3.4 milya.

“Salè minimòm lan ta dwe pèmèt moun yo kap travay apentan pou sipòte tèt yo ansanm avèk fanmi yo— men sa tou senpleman pa posib jodia,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwopozisyon nou an pral ede plizyè santèn milye Nouyòkè pou pi byen soutni tèt yo epi viv avèk diyite ak respè. Lejislati Eta dwe pase pwopozisyon nou an ane sa a, paske pi bèl siksè a se siksè ki pataje e nou pap repoze jiskaske nou tout monte ansanm.”

Ou ka wè yon repatisyon rejyonal nan tout eta sou 1.35 Nouyòkè ki pral eksperimente salè ki pi elve, ansanm avèk valè ekonomik dirèk ki pwojete nan ogmantasyon salè minimòm lan [la](#) ak anba.

Rejyon	Total Travayè ki gen Salè Minimòm Jodia nan \$8.75	Total Travayè ki gen Salè Minimòm nan \$10.50 (\$11.50 NYC)	Valè Ekonomik Dirèk nan Ogmantasyon Salè Minimòm
Capital District	34,969	82,946	\$156.8M
Central New York	23,536	55,827	\$105.5M
Finger Lakes	37,628	89,254	\$168.7M
Long Island	85,264	202,248	\$382.3M
Hudson Valley	60,584	143,706	\$271.6M
Mohawk Valley	13,050	30,955	\$58.5M
North Country	10,374	24,608	\$46.5M

Southern Tier	18,248	43,284	\$81.8M
Lwès New York	43,074	102,172	\$193.1M
Vil New York	267,274	571,800	\$1.9 milya
Total:	594,001	1,346,800	\$3.4 milya

Gouvènè a ap ankouraje Nouyòkè yo pou antre nan kanpay #Fight4FairPay lè yo kontakte lejislatè yo nan Eta; detay yo disponib nan sitwèb [Fight for Fair Pay](#).

ATANSYON ESTASYON TELEVIZYON YO: Ou ka wè videyo Gouvènè Cuomo kap mande Nouyòkè yo pou sipòte ogmantasyon salè minimòm ki pwopoze a nan YouTube [la](#) epi telechaje nan TV-quality (h264, mp4) fòma [la](#). Yon transkripsyon nan fòma odyo anba.

Poukisa ogmante salè minimòm nan?

Yon salè minimòm rezonab se yon nesosite nan fason pou ogmante estanda lavi pou travayè yo, bay pratik ki jis ak pi efikas pou biznis yo, epitou asire manm ki pi frajil mendèv la kapab kontribiyè nan ekonomi an. Yon ogmantasyon nan salè minimòm pral afekte fi ak adilt yo piplis, e li pral retire plis pase 100,000 Nouyòkè nan povrete.

Plis pase 594,000 Nouyòkè touche salè minimòm aktyèl la de \$8.75 pa èdtan. Eta te pran aksyon pou ogmante salè minimòm nan pwogresivman de \$7.25, lè Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an, a \$9.00 nan fen ane 2015. Pwogrè sa a te enpòtan men li pat ase pou l te konpanse yon tandans antyèman ki te wè salè minimòm lan tonbe anba mwayèn salè pa èdtan nan eta, kounye a plis pase \$30. Gouvènè a pwopoze yon fwa ankò pou ogmante salè minimòm pou ogmante revni pou anpil moun ki touche salè nan fanmi ki gen revni fèb yo, sa ki pral egalman ede ekonomi lokal yo.

Transkripsyon diskisyon Gouvènè a sou salè minimòm (nan Rochester nan dat 4 mas 2015):

“E sa nou te di nan kwazad sa pou ogmante salè minimòm nan sèke si ou kwè nan yon ekonomi ki solid, nan fason New York – fason Ameriken– alòs fè ekonomi sa a mache pou tout moun.”

“Paske nou kwè nan opòtinite pou tout moun, e se sa eta ak peyi sa a ye. Kidonk nou selebre lè lap mache pou moun yo ki nan ekstremitè siperyè a men nou selebre l plis lè lap mache pou chak Nouyòkè– e se sa ki definisyon kwazad sa a, se sa nou vle lejislatè yo tandè nan Albany e vwa nou ap di yo pa vini nan kay la pa Rochester e pa vini nan kay la nan Vil New York ak Long Island jiskaske ou ogmante salè minimòm nan. Kidonk gade chak Nouyòkè nan zye epi di gouvènman sa a reprezante ou e eta sa a reprezante ou. Nou di ou mès, epi se pou Bondye beni ou.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418